

REGINIPOEN LENGGANAN

SWARA - TAMA :

1 taoen	f 6,—	} njoewoen ka-
1/2 "	f 3,—	
3 woelan	f 1,50	
Kénging mbajar saben woelan		} bajar roemijin.
RAGAD ADVERTENTIE :		
1 katja	f 36,—	
1/2 "	f 18,65.	
1/4 "	f 9,75.	
1/8 "	f 5,25.	
Saladjengipoen : saben 1 cm ²	f 0,03;	
sekedik - kedikipoen : f 1,50.		
Kabar premili alit - alitan : f 1,—		

Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemowah.

Hoofdredacteur:

A. DJAJASEPOETRA.

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.

Adrèsipoen Redactie lan Administratie

IGNATIUS - COLLEGE

DJOKJAKARTA.

Telefoon no. 795.

Drukkerij „Canisius“ Djokja.

RAPPORT HILLEN. WONTEN VOLKSRAAD.

Rerembagan ing Volksraad, salebetipoen minggoe kapengker, wonten ingkang angénging rapport Hillen: prakawis pasétran - politik ing Digoel.

Sampoem mesti kémawon pamanggihipoen warga Gedong Komidi Omong ing Pedjambon waoe, warni - warni.

Wonten ingkang moengel:

- a. Bapa regeering! Pasétran kanggo wong kedosan politik, koewi pantjen perloe dilestarekaké. Adja dilangi. Moeng papané baé elihen. Lan kosok-wangsoelipoen wonten ingkang tjrijos: ilangana babar - pisan!
- b. Bapa goepermèn! Hillen ngla-poeraké manawa tindaking papriksan prakara Digoel akéh sing groesa-groesoe, ora talesih. Andjalari akéh wong sing tanpa dosa disétrakaké ana Digoel. Pala-poeran ngono koewi rak agawé alané ambtenaar-ambtenaar sing anindakaké papriksan. lan ija agawé tjamahé regeering dèwé. Ah.....! — Kosok-wangsoelipoen wonten ingkang tjrijos: „Pantjen njata!
- c. Bapa regeering! Apa ija bakal kalakon wong-wong kang dibalèkaké ikoe ing bésoek bakal bisa dadi betjik, kaja pametjané Hillen? Akoe ora ngandel!
- d. Bapa goepermèn! Oeripé wong-wong sing diolihaké saka pasétran koewi nèk wis tekan kéné ora soesah diremboeg. Ora soesah dipitoloengi apa - apa. Bèn kapok! Bèn disangga dèwé kasangsarané! Loepoet - loepoet dèwé!
- e. Bapa regeering! Prakarané wong-wong sing ora katoet diolihaké, bok ja dipriksa manéh sing kalawan setiti!
- f. Ah, wong - wong kang ngloepoetaké regeering margo toemindaking boewangan Digoel iki, koewi kliroe banget!
- g. lss.

Sampoem mesti kémawon pamanggih-pamanggih kaseboet ing nginggil inggih wonten ingkang nishi sanadjan boten melok awoedjoed paben. Toemrap koela, A. S. D., kados ingkang sampoem naté koela atoeraken, wangsoelipoen tetijang boetjalan Digoel ingkang pinanggih resik poenika saéstoé angagengaken manah. Koela matoer noewoen sanget dateng t. Hillen lan oegi dateng regeering!

Wewaton leres: tijang lepat poenika mesti kedah kaekoem. Nanging paekoeman waoe inggih kedah ingkang moerwat. Éwadéné, manawi ngéngeti kasarasan, ing Digoel, apesipoen regeering pantjen kedah amindah papan waoe dateng pangéhan ingkang saras, ingkang loh. Manawi makaten, ing Volksraad mesti boten wonten swanten: „wong kabowang ing Digoel koewi pada baé karo anglakoni oekoem pati, déning kapakakaké lelara zwartwater-koorts.”

Ing Volksraad wonten warga Katholiek, wakil I. K. P. Perloe sanget pamanggihipoen T. MONOD DE FROIDEVILLE ing bab prakawis Digoelrapport poenika pandjengan mirengaken. Koela ringkesi kémawon pamanggihipoen wakil I. K. P. waoe, makaten:

- a. Bapa regeering! Manawa ana wong ora dosa katoet dibowang, mestinè ja ana wong sing pantjen loepoet ora katoet disétrakaké. (—Prakawis poenika boten mokal. — A.S.D.)
- b. Bapa regeering! Kowé wadjib angolihaké wong - wong sing kira - kira pantjen ora moeta-watiri manéh. (—Matoek sangget. — A.S.D.)
- c. Bapa goepermèn, bijèn kok ora dipriksa disk kasarasaning wong Digoelan. Koewi djeneng kliroe; nèk ora, malah djeneng salah!
- f. Bapa regeering koedoe anggalih keprijé bisané noeloengi wong-wong sing diolihaké ma-oe. Awit, wewenangé ana désa, rak wis pada ilang. Prajogané, nèk bisa, wong maoe dipapanaké ana désa lija bèn bisa golèk pangoripan. (— Moefakat sekali — A.S.D.)

Tétéla sanget, saben nationalist, kedah bingah sanget mireng temboengipoen warga Volksraad Kath. t. Monod d. F. ingkang makaten poenika. Namong grombolanipoen Vanderlandsche Club ingkang mesti getem - getem anggeget oentoe.

Tjekak badéja makaten - makaten, wangsoelipoen tijang boetjalan Digoel, kala minggoe kapengker poenika, anedahaken bilih regeering poeroen anglenggahi adil: Lan..... sanadjan boten katjetakna pisan..... wangsoelipoen tetijang waoe, soeka paksèsn bilih regeering poeroen angakeni kléntoepoen. A. S. D.

katégorie journalist nista, lipipoen poeroen ngoerbanakan selira, ngingtingalaken kaprawiran lan sedaja pénipoen saged kloeroek: gilo akoe wong lanang.

Lho, poenapa inggih mekaten ta rama Red. toewin rakanta Andaja??

Wah ing riki koela, senadjan namoeng laré èstri, boten ngertos lèr kidoel, teka ladjeng gadah gagasan mekaten: Jèn ta oepami tjatjahing sedèrèk kita Katholiek Indonesia saged saja mindak-mindak katah, sekedikipoen las-lasan, katahipoen ngantos ket-ketan oetawi toes-toesan, ingkang agengipoen sami saged ngambah, alitipoen karsa ngoedi dateng golongan journalist kados ingkang kasboet waoe, tertamtobadé:

a. *Serat kabar kita Katholiek Indonesia*, saged angsal aos saha pangalembana saking golongan sanès. Ing satengah ladjeng ngepleki kados pangandikanipoen Kg. Aarts-bisschop ing Genua, wonten ing serat kabar Katholiek padintenan: *Il nuovo Cittadino* (sampoem naté kasboet wonten ing Propaganda nummer van de Koerier *) mekaten: *De courant moet 't volk eerbied en hoogachting bijbrengen zoowel voor de geestelijke als wereldlijke overheid.*

b. Saged ngindakaken wijaring tebanipoen actie kita ingkang mawi adedasar raos Katholiek - sosial. (Sampoem ngantos kléntoe tampi kalijan agami, nanging actie; actie medal saking raos Katholiek sosial). Langkoeng-langkoeng jèn journalist ingkang mekaten waoe ladjeng karsa ngambah wonten ing samadyaning kalangan seras kabur sanès, lan wonten ing ngrikoe ladjeng saged angsal pengaos, tertamtobadé saja énggal sanget wijaring tebanipoen. Namong kémawon waton jèn boten malah katoet kedjoengoe ketarik, nanging saged nindakaken kados pangandikanipoen Kg. Aarts-bisschop kasboet (oegi kasboet wonten ing Prob. n. m. van de Koerier *) mekaten:

De Katholieke journalist heeft een sociaal apostolaat te vervullen; hij moet de menschen aansporen tot 't goede, het nuttige helpen verspreiden; spreken wanneer 't noodig is en zwijgen wanneer de omstandigheden het nuttig of wenschelijk maken.

c. Saged mewahi damel kentjeng saha pengkoehipoen barisan kita poetra Katholiek Indonesia. Poenapa malih kénging kanggé oelar-oelar tamèng oetawi djoeroe paniti priksa, samangsa kita poetra Katholiek Indonesia katempoeh ing aloen saking lèr, kidoel, wétan lan kilèn. Lho, mekaten waoe kanggé kita poetra Katholiek kados boten mokal. Awit jèn kita maos seras - seras babad Europa kawonté aning p. Katholiek. mèh wonten ing poendi-poendi kradjan; langkoeng-langkoeng mentas poenika ingkang tjeta wonten ing kradjan Tjina, Rusland lan Mexico, rak ladjeng ketingal, jèn tansah tampi panjana-njana awon, ingkang kléntoe lan babar pisan boten njata, lan wekasanipoen tampi . . . !!!

Ing saèstoepoen, atoe pangomèl koela kados ingkang sampoem kasboet nginggil waoe, tertamtobadé dados goegoedjengan saha èsemanipoen para ngarang ing seras kabur kita Katholiek Indonesia, lan kénging dipoenparibasakaken: *enggon weloet diedoli oedèl*, langkoeng-langkoeng kanggé kadang koela C. C. Solo, Djokja lan sanès panggénan.

Déné angèren koela koemawani ngedalaken atoe pangomèl mekaten waoe, awit namoeng saking kapiderenging manah koela, ngadjeng-adjeng sanget, wontening katahipoen para ngarang ing seras kabur kita Katholiek Indonesia ingkang sami karsa ngoedi ngleksanani dateng pangandikanipoen rama Red.; oetawi malih netjep dateng panjogokipoen kanemas Andaja: *katégorie journalist nista!* Lho, menegah perloenipoen inggih ngiras kanggé oegaji-djagi tembè wingking; *poepoer sadoeroengé bendjoet*. Poenapa malih sèpados para poetra Katholiek Indonesia, langkoeng - langkoeng kanggénipoen sakoela, laré èstri, ringkih, djirih lan boten ngertos lèr kidoel, saged ajem lan djingklak-djingklak.

Noewoen Aksamanta: Dénok S. ing Pny. (badé kasambet)

*) Tanggal, taon lan nomeripoen pinten, koela boten terang. Awit boten dipoense-boetaken. (S.)

ISINIPOEN:

Rapport Hillen — Dadosa panggalihanipoen enz. — Ing sapoetjaking panggoeng Ékonomi — Ra'iat Indonesia lan Ékonomi — Goentingan pers — Kabar saking pakempalan — Ontjen sekar gambir melati — Ingkang koela alami enz. — Oerapsari — Correspondentie.

GOENTINGAN PERS.

Watak Inlander.

Nan Sing (koran Tionghoa) ngerwat artikelpoen redaktoer Indonésier Rawan. Artikel waoe njabé rawit pergerakan poetri, doepèh ing Mataram, — manoe tjarijsoepoen —, wonten pangandjoer poetri gadah lalampahan boten prajogi.

Sadèrèk Bro (tokésowo) redaktoer Sedyata Tama, lan oegi Mevr. Soekanta pangarsa P. P. I. I. ndorakaken kabar waoe.

Saroehoem laré Soematra, roemijin dados korèktor wonten Sedyata Tama, ladjeng njamboet damel wonten redaksi koran Tionghoa *Warna Warta*. Saroehoem waoe toemoet namboel. Nanging, rembagipoen ladjeng boten mapan, ngèmbèt-èmbèt oeroesan partikelir, toer boten saged amboektékaken. Saroehoem angongelaken Sedyata Tama: Koran Tandak; Brotokésowo dipoenwastani naté dados kominis, lan drukkerij Mardimoelja kaseselan kapital Walandi, lss. Nanging sarang dipoentantang, Saroehoem boten saged amboektékaken

Hem, . . . watek makaten poenika, watek Inlander. Boten pantes sineboet Indonésier.

Sanadjan koela dédé tijang Sedyata Tama, nanging amastani bilih lekas-poen Saroehoem poenika boten pantes. Oepami, taksih dipoenkanggékaken wonten Sedyata Tama, mesti boten moengel makaten. Sarang kawedalaken, . . . ladjeng ngoedald-oedal awoning tilas pangageng, . . . toer dipoentendani boekti, boten saged amboektékaken. Nanging inggih boten maiben. Awit, endi sing dipangan rutiné, sing agawé warereging wetengé, koewi adat dialem satengah mati, diomboel-oemboelaké nganti tekan nglangit.

Watak mèri, déné kaé ngana, akoe kok moeng ngéné, poenika pantjen saged anoewohaken tindak wentalan, toer wentalan waoe sok tanpa wawaton.

Saged oegi. Saroehoem — Warna-Warta, anggènipoen makaten poenika badé ngebroekaken mengsahipoen. Nanging nama klintoé manawi anggènipoen nglawan mengsah mawi dadamel ngala-ala tanpa nalar.

Concurrentiel! Mangga djor-djoran ing sawarning prakawis ingkang andjog ing kasaeanan. Nanging sarananipoen kedah ingkang saé. Toemrap koran, sarananipoen nomer satoenggal kedah *njaèkaken isinipoen*. Barang ingkang saé, mesti dipoenadjengi tijang.

Poenika dadosa pépènget. Prendjak Mataram.

obligatie 1500 à f 1000, sareman 5% setaoen.

Soepados seras obligatie énggal padjeng, mawi kaseboetaken (ing prospectus, seras tawi):

jèn maskapénipoen gadah pawitan f 600.000.

jèn gadah reserve kapitaal f 270 èwoe.

jèn daganganipoen saja madjeng, mawi nedahaken statistik warni-warni lsp.

lan seras obligatie waoe kasadé ing bank anoe, oepami Nationale Bank lsp., panjadénipoen dawah dinten anoe, djam anoe.

É K O N O M I .

ING SAPOETJAKING PANGGOENG ECONOMIE.

Obligatie II.

Oepami wonten panggaotan, oepami Hotel *Des Indes* ing Weltevreden, (mbokmenawi Hotel sa-Indonesia), sampoem mlampah pinten-pinten taoen, ladjeng kepéngin ngagengaken grijanipoen, karantjantjag wragad f500 èwoe lan taksih kirang f300.000. Ladjeng pados samboetan!

Nemboeng Javasche Bank, saremanipoen 18%. Des Indes boten poeroen, kekatahen. Ladjeng damel

obligatie. Tegesipoen: damel pretanda njamboet tjatjahipoen 300, satoenggal - satoenggalipoen moengel njamboet f1000. sagah njaremi 5% setaoen, (kaot 13% kalijan Javasche Bank), penjaoeripoen béndjing anoe, tanggapanipoen anoe, seksinipoen notaris anoe lsp. Seratipoen waoe sadaja lan satoenggal - satoenggalipoen nama obligatie, sok tijanga kénging toembas.

Tjonto malih kados ngandap poenika:

N.V. Zuid Hollandsche Bierbrouwerij, badé jasa pabrik énggal, betah arta f1.500.000. Ladjeng damel seras

†
R. I. P.

Kekoeloenging manah, memaning mripat koela *FRATER DIONYSIUS CORNELIUS POELOENGANA BRATAATMA-DJA*, ingkang sanget koela antoe - a toe datengipoen ing tanah Djawi, kala tanggal 17 - 1 - '31 sampoem doemoegi ing Betawi. Nanging ladjeng sakit; tanggal 21 - 1 - '31 tampi Sacramento Lisah-soetji, tanggal 27 - 1 - '31 wanti djam 8 éndjing katimbangan sowan ing pangajoenaning Pangéran, wonten ing St. Carolus-Ziekenhuis ing Betawi; tanggal 28 - 1 - '31 kakoeboer wonten ing kerkhof Betawi.

Ing salebeting kasoesahan poenika, koela boten kesoepèn angatoeraken gening panoeuwen koela dateng Toewan dokter N. H. van Muyden, lan para Zuster, anggènipoen sampoem sami angopakara, sarta dateng para rama Pastoer, para prijantoen miwah para sadèrèk sadaja kémawon, ingkang sampoem sami karsa angoerbanakan sarira awoedjoed: pitoloengan, pambantoe sapitoerotipoen, wiwit sakit, adjal doemoegi pangoeboeripoen.

NGAJOGJA 29 - 1 - '31. R. POERWADIHARDJA, sabrajat.

PRADJA RAHAJOE.

DADOSA PANGGALIHANIPOEN PARA NGARANG ING SERAT KABAR KITA KATHOLIEK INDONESIA.

(wawasan journalistiek)

Ing wawasan koela ingkang sampoem, sambetipoen Sw.T. no. 4, koela sampoem njaoasi wawasan journalistiek sekedik. Ing riki, nembé poenika koela mbikak kepèk, ladjeng kémoetan dateng sesorahipoen satoenggiling prijantoen ingkang sampoem naté njinaoe babagan journalistiek (*asmanipoen sinten lan verslag-tipoen kasboet wonten ing seras kabur poendi, koela sampoem kesoepèn!*), jèn djagading journalist mekaten kénging kagolong-golongaken dados 4 pérangan:

Golongan 1: Journalist klas I: inggih poenika journalist ingkang mengertos lan saged soeka margi; pepadang lan toelada kanggénipoen poenapa - poenapa ingkang saweg dipoen - gatosaken lan dipoenbetahaken déning ra'iat sarana temboeng ingkang tjeta lan mawi dedasar ingkang maton lan medal margi ingkang leres.

Golongan 2: Journalist kl. II: inggih poenika journalist jèn damel karangan poenapa-poenapa kirang tjeta, kirang maton; ingkang ing

woesananipoen namoeng damel moemet lan bingoengipoen ingkang maos kémawon.

Golongan 3: Journalist kl. III: inggih poenika journalist ingkang namoeng waton ngabroek, boten wonten toedjoenipoen lan boten mangertos, poenapa poenika badé migoenani toemrapipoen ra'iat poenapa boten. Ing rikoe waton manahipoen ketoekoelan gagasan, ladjeng kaedalaken.

Golongan 4: Journalist kl. IV: journalist ingkang damelipoen namoeng njerat bab oetawi pekabaran tètèk bengèk kémawon.

**

Lha, sapoenika kita ladjeng saged nggagapi lan priksa, kados-poendi anggèn kita saged nleksanani dateng pangandikanipoen rama Red, wonten ing Sw. Tm. no. 49 taoen 10: *Oegeripoen para sedèrèk pembantoe sami sarcedjoek ngoedi njaèkaken poen isi*, inggih poenika jèn kita sampoem saged ngambah ing golongan journalist klas I. Lan soekaa bagé séwoe, jèn kita ladjeng nleksanani panjogokipoen kangmas Andaja (oegi ing Sw. Tm. no. 49 taoen 10); *sampoem ngantos para ngarang ing Sw. Tm. klebet ing*

KABAR SAKING PAKEMPALAN.

NOTULEN alg. leden vergadering K. W. afd. Keboemen, ddo. 25 Januari 1931.

Manggen wonten ing Koetowinangoen ing dalemipoen sad. R. H. Wirjoatmodjo. Ingkang dateng: Pangrèh: 3, warga 4, tamoe 1.

Djam 10 langkoeng sakedik parepatan kabikak déning Pangarsa kados adatipoen. Kaboekaan nerang-nerangan preloenipoen pakempalan, toedjoenipoen, madjeng lan moendoeripoen.

Noentoen Panitra maos notulen vergdr. ingkang sampoen kapengker lan pinanggih absah.

Rembag-rembag ingkang dipoenmoefakati:

1. Darma kasangsan Merapi.
2. Kath. Radio omroep. Ingkang dados warga K. W. Contributie kasanggé déning para warga. (Dados para warga kadwaja asok contributie kados adat, wewah contr. Kath. R. O. katijtil oetawi loenas sapisan.)
3. Dinten ageng Kath. kalampahaken kados ingkang sampoen, manoe preloenipoen. | Poenika toemrap golongan kita ingkang makarja sadjawing Missie. | Dadosipoen hak vacante badé kapasrahaken P. K. W. | P. P. K. D.
4. Panarikan contr. lampah toeloeng-tinoeleng.
5. Pasawogatan saben alg. fed. vergadering. 6. Sasawogatan kita kedah kanti ngatos-atos, empan-papan.
7. Milih oetoesan dateng congres P. K. W. sad: 3. (R. E. Dwidjotanojo. 2. R. S. Sastrootomo. 3. R. M. J. S. Brotoesoewiso.) Salah satoenggal ingkang mangkat, manawi sampoen genah.

Sanadjan mèn saben-saben namoeng wijjalan 7, nanging rembag-rembag kepjek kalih-kalihipoen sasat boten kendel-kendel. Pitakèn², voorstel² oegi boten sakedik, ngantos mèn ketelasan wekdal. Ngengeti warga-warganipoen katah ingkang pos-posan.

Makaten oegi ngrembag tjalon (ran-tjangan) voorstel dateng P.K.W. | Ingkang badé kabekta oetoesan. |

Ladjeng pilihan warga Pangrèh énggal, ingkang pinilih manoe swara:

1. R. D. Martosoeurakso, Kapala sekolah Opb. kl. II. Premboen. S.S./W.L. Pangarsa.
 2. R. H. Wirjoatmodjo. Kepala sekolah Opb. kl. 2 nr. II. Koetawinangoen. S.S./W.L. Panitra ngiras Hartaka.
 3. R. M. V. J. S. Adiwardojo. Ho. sekolah Opb. kl. 2 nr. III. Karanganjar S. S./W.L. Commissaris. Huisadres: Pandjatan.
- Sarampoenging damel, djam 2 siang parepatan katoetop déning Pangarsa lami, kanti angsal berkah wilodjeng.
Dongkolan Panitra K. W. / Km. D. T.

Parepatan taonan K. W. tjabang Gandjoeran 19-1-1931.

Manggen ing soos Gandjoeran.

Djam 9 daloe parepatan kabikak déning pangarsa kados adat: déné prijantoen ingkang rawoeh 19 tamoe 2.

Ingkang karembag:

1. Pamboeka. Sadèrèk pangarsa njaosi soegeng rawoehipoen para warga lan para tamoe.
 2. Maos péngetan parepatan kapengker ingkang oegi ladjeng kaanggep absah.
 3. Verslag K. W.
1. Taon '29 warga 34. taon '30 wonten 25.
2. Parepatan warga pangrèh X 4.
3. " " oemoem X 4.
4. Malebeting arta setaon f 19. 18⁵
Medaling arta setaon f 18. 97⁵
f 0. 21.
Saldo 1929 f 22. 26.
goenggoeng f 22. 47.

- a. Pakarjaning K. W.
 5. Mitoeoengi nglempakaken tijang nampi propagandist van Lhit-Stichting. Ingkang mlebet warga wonten 21.
 - b. Ambangoen Commissie „Tata tjara katholic.”
 - c. Harta Daja. Loembeting arta sampoen angsal ± f 1600. —
 - d. Damel comité feest Decembaran.
- IV. Ngénggalaken pangrèh:
Ingkang kapilih:
1. Pangarsa I. M. Dirdjaoedarja.
2. " " II. M. Padmajatowara.
3. Panitra M. Widjandjaja.
4. Penning. Tetep lami (M. Martaatmadja).
5. Commissarissen: a. M. Dirdjaoemarta.
b. M. Panggih.
c. M. Wirjawidjaja.

- V. Ngèsti Rahajoe (voorstel).
 - a. Sectie ngoedi babagan agami katholic.
 - b. Ngoedi loemintoening nampi Sacrament Maha Soetji.
 - c. Mitoeoengi goeroe agami.
 - Voorstel katampi, nanging bab toemin-dakipoen badé karembag roemijn.
 - VI. Nampi warga. Wonten ingkang loembet 1.
 - VII. Dana Merapi — wonten f 2. 47.
 - VIII. Milih oetoesan Congres P. K. W.
1. voorzitter.
2. vice voorzitter.
3. commissaris. (M. Panggih)
- Wasana djam 11.48 parepatan katoetop kanti wilodjeng.

Atas nama K. W. Secretaris Wignja.

Moeda - Katoelik Ngajodja, afd. pamoelangan-Tengahlan lsp.

(Sambetipoen Sw. Tm. No. 5.)

Ladjeng dipoenwontenaken woelangan nembang Djawi; ingkang mimpin R. Poedja. Ing ngriki kita matoer noewoen dateng pandjenenganipoen, margi sampoen karsa mbanjing salira! Lampahipoen kanti goemregot sanget. Gandèng kalijan poenika oegi dipoenwontenaken adjar muziek; lan para nemanan sawatawis sami dipoenpedahi: Br. Clementinus mendjoeroeng njamboeti boeke toeroetan (handleiding). Woesana kadang kala sami dolanan, kadosta: tjatoer (schaken), dam-daman saha domino. Bekakasipoen saking kintoenanipoen ingkang karsa paring toeloeng, i.p. bord rangkep-rangkep (kènging kanggé tjatoer, dam-daman toewin trik-trak); boenderan dam-daman salampah; bekakas tjatoer djangkep, makaten oegi dolanan domino. Papan kanggé njimpen waoenipoen sekolahan MULO, ladjeng ing grijanipoen Dirèktoering Panti-siswa. Ing ngrikoe oegi papanipoen kanggé njimpen dolanan dam-daman does.

Pepanggihan waoe asring katamoean para student ingkang sami mondok wonten ing Ngajodja. Lan student poenika oegi asring toemoet oedoe pitakènan. Malah sampoen ambal kaping kalihan anggènipoen karawoehan salah satoenggiling Rama; kaja: R. fr. C. Poespadihardja kaping kalih; R. Ingkang Winasis Th. Pajmans rambab-rambah. Kita matoer noewoen!

Ing liboeran Paskah ingkang kapengker para warga ingkang manggen ing Jogja sami dateng Parangtritis. Kalijan R. J. van Rijkeworsel. Wonten ing ngrikoe ngrasaken sakarsa hawa moerni poenapa déné lelemban wonten ing seganten. Ingkang katali sami sipeng wonten ing ngrikoe, lan éndjingipoen ladjeng bidal mantoek: sawènèh noempak pit medal margi ageng; sanèsipoen sami darat medal padèndèng dateng Poendoeng, ladjeng saking ngrikoe noempak tram dateng Jogja. Déné Rama v. Rijkeworsel toemoet ingkang sami darat waoe.

Ing sarèhnè salebetipoen trimestre (kwartaal) ingkang sapisan ing taoening-pasinaon énggal pakempalan ing sawantji-wantji badé tampi idin madeg, mila pembikakipoen parepatan kados ingkang sampoen-sampoen, poenapa malih panampinipoen warga énggal dipoenrantosaken roemijn. Ing woelan September idinipoen katampi déning voorberedende commissie der Javaansche Jeugd-organisatie, sarta ladjeng dipoenwontenaken parepatan - warga. (Moeda Katoelik kaidèn madeg kala 19 Augustus 1930.)

Parepatan-warga waoe wonten ing panti-siswa Katoelik ing Bintaran, ingkang kabikak saweg 1 Oktober, toemoenten sami tjotjog nampi statuten ingkang sampoen dipoenéwahi Kangdjeng Biskop, sarta sasampoenipoen namtokaken jèn tjatjahing warga pangrèh kanggé tirahaning taoen kadamel gangsal, ladjeng milih pangrèh énggal. Pangarsa kapilih malih inggih poenika: sadèrèk A. Toekidja, secretaris sdr. R. I. Bernakijana, warga-pangrèh: sdr. Soedjana, Prawata lan Soekirna. Sdr. Soekirna kadadosaken penningmeester déning parepatan-pangrèh. Manoe pantjasan, wiwit November badé dipoenajati nglempakaken contributie, — sasaged-saged pendak minggoe klempakan perloe ngoedi dateng sport lan dolanan sanès ingkang ngemoe panggoela-wentah lan malih soepados golongan Djawi Katoelik sami saèka kapti dados bebadan satoenggal, langkoeng-langkoeng ingkang dateng pamoelangan-tengahlan warni-warni, — saben woelan ngwontenaken parepatan - warga, langkoeng-langkoeng toemrap ingkang manggen ing Ngajodja.

Parepatan-warga saweg 11 Okt. nemtokaken: tjotjog dateng wontenipoen tanda ka-

tiren saking mawi abri (katresnan), petak (karesikan) lan djènè (soejeod dateng K. S. Bapa). — toemoet pahargjaj kondjoek Ngarsa Dalem Kangdjeng Soelatan, inggih poenika pahargjan ingkang dipoenwontenaken déning pakempalan-pakempalan Katoelik ing Ngajodja, poenapa malih ngoedi dateng sport sarta muziek. Ingkang sagah dados panoentoening sport sdr. M. L. Soegijarta, déné panoentoening main bolah sdr. Padmajatowara. Sanget noewoen dateng sdr. kekallhi!

Boten lami nampi samboetan boeke isi muziek warni-warni saking de Treffers, ladjeng dipoeninaoe, katoentoen pandjenenganipoen Broeder Jesualdus, nanging kadamel sagada oegi kanggé Mulo-club. Pandjenenganipoen Br. Clementinus pijambak paring panoentoen dateng ingkang sami mijoi.

Sdr. P. J. Poespasoejtjipa njagahi lezing kanggé parepatan ing November, ladjeng kanggé parepatan ing Desember, nanging boten sijos, sabab parepatan kalih-kalihipoen kasandèkaken margi djawah deres. Inggih margi adrih bokmanawi wonten djawah deres kados makaten waoe, mila ing liboeran Kerstmis badé dolan ngantos tebih boten sijos. Kanggé ramèn taonan sampoen wonten lampahan tooneel ingkang dipoeninaoe, pandjenipoen kadawahaken ing Djanoewari, nanging ladjeng kaendoer doemoegi bakda Paskah. Bab mbikak kursus menjangi malih, saweg karembag.

Wiwit 17 Nov. pangrèh ngadalaken serat pakabaran (de Java-Voorhoede) medal pendak minggoe, katèmpèlaken ing Bondsgebouw sarta ing Mulo. Doemoeginipoen samangké namoeng ngemot pawartos saking pangrèh, nanging para warga dipoenatoeri oeroen-oeroen njerat.

Doemoegi wekasaning damel jaarverslag, pangrèh wontenipoen namoeng ngèntètaken sakedap dateng para warganing afdeeling kita ingkang samangké tjatjahipoen: warga 47, tjalon-warga 3, inggih poenika bilih afdeeling kekalih, afdeelingipoen ingkang mawi basa Wlandi lan ingkang mawi basa Djawi, anggènipoen soeka tetinggalan, kaleresan lan saé sanget. Mila pangrèh ngadjing-adjing saé soepados para warga noelada tjontjo sadé poenika sarta tetjawis kanggé ngwontenaken péstan ageng. Makaten oegi ngatoeri soepados parepatan limrah pendak minggoe sami dipoenperlokaken. Sarèhnè kita dèrèng gadah warga katah, mila kedah ngoedi sagada katingal ing katah sarana sajoke roekoen lan tresna-tiresnan saèstoe, jèn makaten ing éndjing saged damel madjeng lan rahadjinging tanah kita sarta dados pambantoenipoen lbee Pasamoean Soetji. Kalampahanipoen poenika dados idam-idaman kita ing taoen ngadjing!

Sanget noewoen dateng sadaja kémawon ingkang sampoen paring toeloeng dateng kita ing taoen poenika, noewoen dateng pandjenenganipoen Br. Jesualdus lan Clementinus, noewoen dateng para Panoentoen, noewoen dateng Sdr. Moedjikan ingkang damel rerantjanganing kartoe-warga, noewoen dateng familie Soegiri déné sampoen karsa katamoean sarta paring toeloeng katah. Atas namaning pangrèh Moeda-Katoelik Ngajodja, afdeeling pamoelangan-Tengahlan lsp.

Ngajodja 17-1-31. Secretaris R. Ign. Bernakijana.

VAN LITH-STICHTING

Saben arta pandjenengan

100 sèn

ingkang kaparingaken

Van Lith-Stichting

namoeng

1 sèn.

Penningmeester V. L. S.

p/a 2e. Convict

Moentilan N. I. S.

Saged oegi obligatie waoe kasadé sadèrèngipoen angsal idin, nah jèn makaten tjaranipoen makaten: Tijang ingkang toembas boten ka-

soekaan obligatie, nanging kasoe-kanan petoek roemijn. Jèn idin sampoen medal, petoek kangantos obligatie, ingkang adak kaetjap langkoeng saé lan ngremit (angènggeti agenging aospoep, boten béda kalijan wang kertas).

Terkadangan soepados publiek saja pitados, kala saweg tawi, mawi kasebetaken makaten:

Grija - grija ingkang mangka tanggulan obligatie waoe kataksir ing architect lan ingenièur anoe pengaos samanten joeta.

Terkadangan pambayar lan toembas obligatie boten kasareng, oepami nemboengipoen toembas kedah namoeng tanggal 4, pembajaripoen antawisipoen tanggal 14 lan 21.

Margi poenapa?

Margi dèrèng temtoe ingkang nemboeng ing tanggal 4 waoe sadaja saged oeman. Lan nemboengipoen adak kedah mawi kaserat.

Terkadangan mawi kasebetaken makaten: obligatie poenika kasadé mawi koers 100%. Poenapa tegesipoen? Tegesipoen jèn obligatie waoe njeboetaken njamboet f 1000,— inggih kedah katoembas f 1000,— boten kénging kirang.

Poenapa saged koers nalika sadé kirang saking 100%? Saged! inggih poenika menawi kesesa pados énggal telas, oetawi jèn roemaos kaboeid-dajan kirang misoewoer lsp. Kados déné obligatie Padoesan Boedapest roemijn (1927) namoeng kasadé mawi koers 98%, toer saremanipoen 8%, (obligatie samboetan Indija katah - katalihipoen sanget saremanipoen 7%). Woesana doemoegi sapoenika saremanipoen mlorot! boten medal. Inggih ta jèn tjalon namoeng toembas obligatie 1000,— ateges namoeng toeni f 80,— ing sataoen. Jèn toembas 16.000,— oepami, toeninipoen rak namoeng 16 X f 80,— oetawi 1280 roepijah, boten sakedik noen! Mangka boten kirang tjang toembas obligatie ngantos f 200.000; satengah mljioen oetawi langkoeng! jèn sareman mblendok rak njilakani,— émoet koela pakempalan njèlèngi gadahanipoen para goeroe Katoelik ing Ngajogjakarta oegi toembas effect. Tjopi ingkang tjaket saged moendoet (njoewoen) priksa pijambak effect poenapa, saremanipoen pinten, aadefel poenapa obligatie lan sapitoe-roetipoen.

Saweg poenika malah wonten obligatie Perantjis saweg medal namoeng kanti koers 92%!

* *

Kados déné Hotel des Indes waoe inggih njata sampoen ngedalaken obligatie saèstoe, pinten agengipoen lan pinten saben obligatie kita boten ngertos, namoeng tjeta saremanipoen 6% lan kala 21 Nov. 1930 koersipoen wonten beurs Betawi (Soerabaja inggih wonten Beurs, lan koersipoen ing saben beurs toemrap satoenggil - toenggiling effect boten temtoe sami) 100 1/2%. Kala saweg njadé sapisanan mawi koers pinten, kita boten èngget.

Déné aandeel Hotel des Indes njareng dinten nginggil waoe koersipoen 132 1/2%, sarta aandeel Kinine Fabriek Bandoeng 145%, K. P. M. 165%.

Menawi obligatie samboetan Indija Welandi panjadé lan panjaoeripoen koersipoen adjeg 100%, boten perdoeli kala kasaoer waoe wonten beurs koersipoen pinten.

Kados déné kala 21 Nov. 1930 waoe koersipoen Obligatie samboetan Indija Welandi wonten beurs Betawi ingkang nalika samanten dados rembag kados ngandap poenika: 1915, 5% a f 500 : 101 1/8 %
1916, 5% : 102 1/4 %
1917, 5% : 102%
1929, 4 1/2 % : 97 3/4 %
lsp.

* *

Kados-poendi panjaoeripoen obligatie? Makaten:
Indische geldleening 1915; agengipoen f 62.500.000. kasaoer kaping 25, saben sataoen sapisan, wiwit njaoer 1 April 1926, saben sasaoeran agengipoen 1/25 samboetan sadaja alijas f 2.500.000. Série poendi ingkang kasaoer, saben taoen katetepaken sarana kaoendi. (Obligatie 1915 waoe kapérang dados 25 série, série A doemoegi Z, kedjawi I).

Dados oepami 1 April taoen anoe kaoendi, dawah série W. Sadaja obligatie 1915 série W. pedjah, tegesipoen boten manak malih, mila kedah katjadong artanipoen dateng Bank. Bank poendi?
Manoet G. B. 18 Maart 1916 no. 2 sampoen katetepaken, Indische Leening 1915 kénging kateda wangsoel ing sadajaning kantoripoen Javasche Bank, (lan toemrap Betawi lan Weltevreden ing bank - bank sanèsipoen sawatawis).

Koela sampoen matoer jèn obligatie poenika boten béda kalijan wang kertas, awit sok sintena ingkang mbekta, inggih poenika ingkang gadah, lan inggih mawi tanda asmanipoen para loehoer sawatawis (Minister van Koloniën lss). Samangsamangsa kénging kadadosaken arta sarana kasadé ing beurs, ing bank, ing makelaar, lan jèn sampoen kadawahlan oendi kénging kateda artanipoen, jèn dawah dinten medal ing saremanipoen kénging katedakaken saremanipoen sarana njoekekoepon ingkang kalampiraken, nomeripoen manoe oendang ingkang sampoen kasebar. Namoeng bédanipoen kalijan wang kertas, jèn wang kertas sadaja tjang (toemrap Ned. Indië: kawoela Ned. Indië) wadajib nampi, jèn obligatie boten; jèn wang kertas tanpa anakan, jèn obligatie mawi; jèn wang kertas mèh kanggé salaminipoen, jèn obligatie mawi poendat (wonten dinten ingkang dados pedjahing sareman).

Toemrap obligatie ingkang tanpa série, panjaoeripoen dipoenoendi manoe numeripoen (sadaja aandeel lan obligatie kedah mawi nomer oeroet).

Kados déné kala Juli 1930, seraf obligatie 5% damelanipoen Gemeente Betawi 1917, ingkang kadawahlan oendi nomer 68, 169, 422 lss. taksih katah malih, wonten ing koran nomer poenika karèntèng kados angka lot lotré ingkang angsal prijs.

Makaten oegi Pandbrieven 6% a f 1000, damelanipoen N. V. Java-sche Hypotheekbank ing Soerabaja ingkang kawangsoelaken artanipoen wiwit woelan Juli 1930 no. 13, 235 424 lsp.

Temtoe kémawon jèn obligatiènipoen alit, saben taoen ingkang kawangsoelaken inggih namoeng sakedik, kados soos Concordia ing Bandoeng damel obligatie 7 1/2%, saben taoen namoeng mangsoelaken f 6.500, woedjoed seraf 8 a f 500 lan seraf 10 a f 250. Taoen poenika ingkang kawangsoelaken toemrap

INGKANG KOELA ALAMI WIWIT SAKING BETAWI DEMOEGINIPOEN NAGARI WELANDI.

IV.

Margi saking agenging ombak baita boten saged laboeh wonten ing Colombo. Éndjing oemoen-oemoen kinten-kinten setengah 6, prenahipoen lèr kilèn, ketingal mle-noek-mle-noek, idjem - idjem. Saja tjelak saja tjeta manawi ingkang pating pandoekeol waoe poelo alit-alit, sakidoehipoen arch. Malediven. Tanemanipoen ingkang koela soemerepi namoeng klapa. Wah tetinggalan ingkang maremaken mripat. Soerja saweg moengoe - moengoe wonten wétan leres, soemoroet njinari poelo alit-alit waoe. Sanginggil-ing toja pating krelip, kados déné mentas kadjawahlan moetiara. Manawi tiningalan rem-rem ajam, baita kados déné kinoebangan saradode majoeta-joeta, mawi bajonet. Sawatawis djam koela ningali tetinggalan ingkang ngresepaken waoe, kasoe-pen manawi wonten madjaning samodra.

Kinten-kinten djam 9, poelo alit-alit waoe blas itjal boten ketingal. Oembakipoen saja dangoe saja ageng malih, ngantos 4 dinten baita krampoel-krampoel wonten ing samodra ageng.

Kinten-kinten djam 3 siang djeng-girat koela tangi saking patileman, djer kraos manawi segela manipoen boten potosa ageng. Koela mladjar dateng dèk, wah bingah koela mar-

wata soeta, sareng kilèn djedjeg, koela soemerep paredèn ndjenggoe-noek. Sareng tjelak, tjeta sanget manawi paredèn waoe plintis boten wonten tetanemanipoen. Menaranipoen Kaap Guardefui ketingal wéla-wéla. Wah manah koela ladjeng mak blong, kados déné temantèn mentas dipoenidjabaken. Samodra Indija sampoen kelangkoeng! Ombak ageng sampoen boten wonten malih! Asring-asring inggih wonten oelam ingkang pating petoengoe. Roepinipoen tjemeng, tijang ingkang minggah kaos dateng mekah mastani ikan loemba-loemba, manawi tijang Walandi mastani bruinvisch, nami ingkang roemaos koela boten potosa matok.

Baita toeroes loembet ing Golf van Aden. Djam 12 daloe, menaranipoen palaboehan Aden ketingal; baita let sakedap nekoek ngalèr loembet ing Samodra abrit.

Koela ladjeng anggagas: „Segara kok diarani abang, iki wis mesti ana sebahé.” Koela émoet-émoet mesa boten saged kepanggih. Sareng sampoen loembet seganten abrit sawatawis dinten, toja ketingalipoen sok soelak sawo mateng, djer ing salebetipoen toja wonten tanemanipoen alit-alit ingkang roepinipoen abrit. (Roode zeevieren). mBokmanawi djalaran poenika waoe se-

gantèn dipoenwastani abrit, toer taneman ingkang djènè, ingkang tjemeng poenapa inggih wonten. Tjangan dasanan mliwis seganten (zee-meuwen) sami blebar-bleber ngetoetaken baita, perloe ngadang boetjalan saking dapoer. Goemoen koela anggènipoen miber kok kijat lan betah sanget. Sedinten moepoet toeroes ngetoet wingking baita kémawon, boten mawi méntjak-méntjok. Oelam alit-alit ingkang dipoenwastani vliegendè vissen inggih katingal. Miberipoen boten kados ibering peksi, nanging namoeng ngaljang, sakedap katingal sakedap boten. Poelo éndah-éndah pating djenggoenok sami ketingal, ngresepaken sanget.

Ananging bentèripoen, mbokmanawi kawon sakedik kalijan narakal Riwè sadinten moepoet boten kèndel-kèndel, tansah toemètès, kados déné dipoenderès. Sedaja sambatipoen kados sami kasripahan marasepoe. Tetingalan sanèsipoen boten wonten.

Ing salebeting Golf van Suez baita madeg. Antawis gangsal menit baita sampoen dipoenkoepeng baita alit-alit, ingkang sami ngideraken sesadèjanipoen. Witjantenanipoen toegel-toegel tjara Inggris, tjara Walandi Fransch lan sanès-sanèsipoen.

Ngahad tgg. 31 djam 12.15 baita mlebet kanaal Suez. Kitanipoen pijambak boten potosa ageng, radi tebih saking kanalipoen. Kanan kéringing kanaal tetinggalan boten potosa katah. Kanaal waoe nradjang tlaga

kaping kalih, ngiras kénging kanggé simpangan. Katah tijangipoen mesir ingkang sami ngedoeki, soepados kánaal sampoen ngantos koeroegan. Ingkang kanggé nggèrèti lori-lori koeldi.

Koela kok radi goemoen sakedik, bab prakawis sepéle, namoeng segawon, lo. Tijangipoen rikoes poenika agaminipoen poenapa ta, kok katah ingkang ngingah segawon? Manawi agaminipoen Islam, kok anèh sanget! Manawi sanès Islam, la gèk poenapa? Koela kok mboten potosa damang prakawis waoe! Saweg sapisan poenika koela soemerep oenta. Marginipoen oeroet kanaal inggih katah ingkang saé lan dipoen-asphalt, malah sepoeripoen inggih asring sok katingal. Kanan kéringing kanal taksih wonten tapak tilasing gegèr ageng 1914 — 1918. Bètèng - bètèng, loopgraven, prikkeldraadversperringen taksih sami katingal.

Blas, koela ladjeng kados - kados kèmoetan tjampoehipoen: Sisih wétan wadya bala Toerki, mawi koeploek abrit lan wadya bala Djerman, sisih kilèn wadya bala Inggris lan Mesir. Ambak - ambak koela sanès Napoleon, oetawi Bismarck koela saged anggagapi manawi Suezkanaal poenika Sembadraning djagad, ingkang kanggé rebatan, nagari poendi - poendi. Grijaning toewan-toewan bangsa Europa ingkang oeroet pinggiring kanaal saé-saé sanget, ngresepaken. Tetanemanipoen ingkang ageng mboten wonten, sadaja alit - alit, ageng - agengipoen dadelpalm (koerma), kinten - kinten

sapisang agengipoen, déné wangoenipoen satléraman kados tjikal. Tetijangipoen sareng soemerep baita ageng loemampah, sami angoek-angoek djendéla sarta ngawé-awé.

Ngahad tg. 31. daloe, djam 11 baita loembet palaboehan Port Said, ananging éman-éman sanget, djer baita namoeng laboeh sakedap, namoeng 2 1/2 djam. Baita kagandèng kalijan daratan mawi kreteng ponton. Koela sakantja sami medak, nanging kotjapa, sareng doemoegi daratan ladjeng dipoen-roeboeng déning tijang Mesir, ingkang sami nawèkaken sasadèjanipoen; koeploek abrit taplak médja, kaloeng merdjan, wandtapijten lan sanès - sanèsipoen. Koela sabregada ladjeng loembet toko „Simon Arzt,” toko ing rikoe ingkang ageng pijambak, njedjakaken barang pepak sanget. Arta Walandi arta Inggris sadaja dipoentampèni. Sareng sampoen ngoendjoek poenapa, koela kalijan réntjang Sinjo setoenggal ingkang sampoen djadjah wonten ing rikoe, ladjeng mantoek medal margi ingkang mboten ramé. Doemadakan koela kapetoekekaken tijang Mesir mawi koeploek abrit ingkang nawèkaken gambar simpanipoen briefkaart gambar ingkang saroe sanget. Nanging boten antawis dangoe ladjeng kepeksa ngetiging sipat koepling wangsoel dateng baital.

Para sadèrèk, wonten ing mantja ingkang ngatos - atos saha mawal! Ingkang tetep sarta kentjeng ing karsal!

Nitik angka-angkane gatié wong tjang saged netepaken bilih agenging samboetanipoen soos Concordia mawi obligatie wae wonten

200 x f 500 lan } sadaja f 200.000.
400 x f 250 }

Leres obligatie kalijan aandeel poenika sami déné nama effect, lan sadaja ateges gadah pengaos arta lan medal kaoentoenganipoen, namoeng kalih wae wonten ing beurs prasasat djor-djoran, margi watekipoen boten sami:

Obligatie saremanipoen adjeg, aandeel boten.

Mila jèn aandeel ngleresi saremanipoen adjeg inggil, obligatie wonten beurs ladjeng boten patos tarik. Lan obligatie koers-ipoen boten naté inggil lan inggih boten naté andap sanget, margi saremanipoen adjeg madya (4 - 10%). Jèn aandeel dividend-ipoen kala-kala mak del, katah, kala-kala pet, tanpa mawi dividend, mila saged gadah koers 600, saged namoeng 8!

Mila jèn aandeel ngleresi kera dividend-ipoen, obligatie wiwit kentjeng, kerep wonten ingkang takèn, kados djaman sapoenika-poenika.

Tjobji kapirsanana tjatetan koers ngandap poenika, ingkang kelampahanipoen boten let dangoe kalijan dinten panjerating karangan poenika:

H. V. A.: 379%
Koninklijke Olie: 302%
Simau: 530%
Amsterdamsche Bank: 178%
Pasir Nangka (Thee): 415%
Aku (kunstzijde): 66%
Java China Japan Lijn: 77%
Visser & Co.: 70%
Moelia (karèt?): 8% (!)
Hara, mangga kapirsanana, wonten ingkang 530%, wonten ingkang 8%!

Déné jèn obligatie koersipoen boten naté tebih kalijan pari,*) minggah-mandapipoen namoeng kiwa-tenngipoen 1 doemoegi 2 1/2%, boten saged ngantos doemoegi 530% oewi kantoen 8%!

Tjekap samanten roemijin Andaja.

*) Mirsanana koers Indische Leening! (And.)

RAJAT INDONESIA LAN ECONOMIE.

Sambetipoen Sw. Tm. No. 5.

Saking katahing reroepèn, saking katahing barang ingkang neneka oetawi barang énggal, modèl énggal, manahipoen tjang Djawi ladjeng koewoer woesana bingoenng.

Saking koewoer saha bingoenngipoen, ngantos kasoepèn dateng gadahanipoen pijambak lan warisan warisan saking leloehoeripoen pijambak. Kabekta saking kasoepènipoen, tjang Djawi ngantos pangling dateng hak saha gegadahanipoen pijambak.

Para sadèrèk. Samanten dajaning karisakan toemrap panggesangan. Samanten kakjatanipoen ewah-ewahan lampahing djaman toemrap panggesangan. Boekti-boekti jèn tjang Djawi njata risak panggesanganipoen, para sadèrèk saged ngawoeningani pijambak dateng sadaja ingkang goemelar. Tjobji mriksanana kémawon ing kita-kita ageng toewin alit. Oepami kita A. Sinten ingkang sami manggèn ing kita A ngrikoe. Tjobji-tjobji Djawi kita A lan bangsa ngamantja. Nanging, tjang-tjangan Djawi pijambak awis-awis ingkang sami manggèn ngadjengaken loeroeng ageng. Tjobji-tjobji Djawi awis-awis ingkang gadah grija saé toewin adi. Tjobji-tjobji Djawi awis-awis ingkang gadah jejasan oetawi toko-toko ingkang kebak barang-barang adi toewin pèni. Oemoemipoen ingkang sami manggèn ngadjengaken loeroeng ageng, gadah grija-grija saé toewin adi, gadah jejasan oetawi toko-toko ingkang kebak barang-barang adi toewin pèni poenika bangsa sanès. Bangsa Djawi inggih wonten oegi ingkang sami manggèn ingrikoe, nanging woedjoed . . . poenggawa oetawi boeroehipoen.

Sapoenika radi tebih, mlebet ing padoesonan, paredèn, padoekoehan toewin panggenan ingkang andelik-andelik. Kados-poendi kawontenanipoen ingrikoe? Grija alit-alit, toer sampoen risak, malah sampoen wonten ing tanganipoen tjang sanès, liripoen kanggé borg. Pakawisan ketingal kirang kopèn amargi karang kitrinipoen wonten ing gantosan Tjobji-tjobji pipambak ketingal sanget memelas, amargi kirang sandang toewin teda. Pasabanan ketingal ngalitakan manah, djalaran tanemanipoen ing tembé boten badé kanggé tedanipoen pijambak, amargi ingkang nanemi tjang sanès.

Para sadèrèk. Menawi kita manah-manah, andjoedegaken sanget kawontenaning bangsa kita tjang Djawi. Djalaran sipat-sipatipoen Djawi

djalaran boten
lènipoen. Ingkang ngaken dados djoendjang-krawat, dédé, djalaran boten naté nggarap bengkokipoen. Ingkang ngaken dados prijantoen, dédé, djalaran kawontenanipoen boten tjendoek kalijan njatanipoen. Makaten sapitoeroetipoen. Dangoe-dangoe tjang Djawi rak ladjeng, koeli doedoe, soedagar doedoe, prijaji doedoe. Dangoenng dangoe ladjeng, „Djawa doedoe, Landa doedoe, Arab doedoe.“ Ladjeng poenapa? Djawa kémawon doedoe. Jèn pamaosipoen koewalik, ladjeng kados-poendi? Poenapa boten „doedoe Djawa.“

Sakatahing para sadèrèk bokmanawi nginten jèn koela poenika kesangneten anggèné „overdreven.“ Nanging manggé koela saged amboektèkaken jèn andaran koela poenika katah njatanipoen.

Sapoenika koela mendet paseksèn saking rapoer-ipoen Meyer Ranneff Huender. Manoet rapport-ipoen prijantoen kekalih poenika, nalika tinanggenah nitipriksa bab kawrataning sesanggènipoen Ra'jat Indonesia, pinanggih papriksan, amboektèkaken jèn radin-radin tjang Indonesia poenika gadah pamedal woloeng sèn ing saben dintenipoen. Tjobji sadintenipoen. Badé kanggé poenapa, para sadèrèk? Nembé kanggé neda kémawon dèrèng njekap! Mangka manoet gagasaning tjang limrah, tjang wonten ing alam donja poenika soepados ngabekti dateng Ingkang Moerbèng Alam. Sagedipoen bab poenika toemindak kanti boten rekaos, kedah wonten saratipoen, soepados manah boten koemroesoek. Apesipoen kémawon kedah wonten tigang bab ingkang wonten, inggih poenika sandang, teda, lan grija. Tigang bab poenika boten perloe saé, nanging waton tjekap sarta moerwat. Jèn saged tjekap saha moerwat, roasing manah ladjeng tentrem, woesana ajem. Jèn sampoen ajem, ladjeng saged marem. Jèn sampoen ladjeng saged soengkem. Soengkem dateng sinten, inggih soengkem dateng Hjang Widhi.

Mangka ingkang kaoembang-oembangaken namoeng arta 8 sèn. Kados-poendi lampah kita. Mila boten anggoemoenaken jèn wonten ingkang wani tjrijos makaten: „Wong Djawa ikoe sadjatiné wong resikan banget.“ Tandané jèn adoes ana ing kali nganti djam-djaman. Olèhé koengkoem nganti awaké kami-giligen.

Pantjèn makaten. Nanging tjang wae kasoepèn, boten nolèh ingkang wonten ing pèrèngipoen lèpèn, inggih poenika mémèjan sroewal. Djalaran sadangoenipoen tjang wae koengkoem, sroewal ingkang mentas dipoenkoembah, amargi saking awratipoen djalaran reged, dipoenepé. Woesana dipoenentosigaringipoen sinambi koengkoem, kabekta saking boten gadahipoen santoen.

Jèn boten dipoenèrèka makaten, radin-radin boten kijat nganggé sandanganipoen, djalaran saking awratipoen, amargi sampoen dados kandel, kebak rereged. Sampoen reged sanget, wewah-wewah malih sipatipoen. Ingkang soewaoe petak, dangoenng dangoe dados tjemeng oetawi djené.

Para sedèrèk. Inginggil koela sampoen matoer, jèn margi ewah-ewahaning djaman, wereld-verkeer, kasengsem dateng barang-barang ingkang kènging kaseboetaken neneka, modèl énggal lss . . . manahipoen tjang Djawi ladjeng koewoer, woesana bingoenng. Saking koewoer saha bingoenngipoen, tetjangan Djawi ngantos itjal kapinteranipoen bab étang. Sampoen ingkang tetjangan ingkang boten naté mambet sekolahan, dalasan ingkang sampoen naté tapi Scholte, Gandawerdaja, Pandom-Soalan, Meetkunde, Rekenkunde, Algebra enz. itjal kapinteranipoen bab étang. Wonten ing pamaoelangan, wah, anggegilani. Sang goeroe dèrèng rampoeng anggènipoen njerat oetawi nerangaken, sampoen wonten ingkang ngatjog, amargi sampoen manggih angsalangsalanipoen. Prakawis tangkaran, soedan, goenggoengan toewin paran, prasasat kalijan merem sampoen saged. Ananging jektosipoen poenapa inggih makaten, sareng dipoenetjakaken saèstoe wonten ing madjanganing ngakatah (maat-schappij)? O, sampoen ingkang andakik-andakik. Nembé paran limrah kémawon, raosipoen sampoen bingoenng. Oepaminipoen: 60 kapara 30, angèlipoen boten djamak. Ingkang katah mastani boten tjèples, oetawi boten saged kapara, djalaran pamaranipoen kagengen. Wangsoelan ingkang kados makaten poenika oemoem. Mangka jèn dipoenawong sagedbjaran kémawon, tetjangan Djawi sadjakipoen dèrèng poenapa-poenapa, liripoen dèrèng

(Ba)

OERAP-SARI.

KABAR KATHOLIEK.

Radio ing Vatimaan.

Woelan Februari poenika, setatsijoen radio énggal ing Vatimaan kabikak kanti opisijil. Ngarsa dalem badé medar pangandika loemantar radio dateng tjang saindenging djagad.

Pangagengipoen Pastoer Capucijn.

Dateng Indonesia.

Pandjenenganipoen P. Stanislaus, pangagengipoen imam golongan Capucijn, kawartosaken bédjing tanggal 24 Februari poenika bidal saking Amsterdam nitih baita Prins der Nederlanden, tindak dateng Indonesia perloe papriksa pakarjanipoen missie ing Borneo lan Padang ingkang kapasrahaken dateng ngoelama golongan Capucijn.

Tindakipoen mawi kadèrèkaken imam énggal ingkang tjalon makarja wonten missie

Pastoeripoen bangsa Kaja-kaja.

Pastoer Verhoeven, ingkang anggentos pandjenenganipoen Pastoer Vertenten, mangageng missie ing Papoea, samangké wonten Betawi. Kadjawi sanès-sanès wonten Betawi wae, pastoer Verhoeven sowan Ingkang Witjaksana Goepnoer Djéndral.

K. S. B. ing Bogor angdjangi sosorahipoen Pastoer Verhoeven, bab: „Pakarjanipoen missie wonten ing kalanganipoen bangsa Kaja-Kaja ing Papoea Kidoel. Sosorah wae, dipoenregaken mawi gambar sorot (pedjah).“

Pangarsa K. S. B. T. W Burer, amboekani sosorahipoen P. Verhoeven, mawi njarijosaken bilih kala taoen 1903 imam golongan H. Hart, wiwit makarja wonten tanah Kei. Kala semanten ladjeng wonten paneda saking assistent-resident ing Papoea Kidoel dateng Konggregasi H. Hart, soeraosipoen neda soepados Konggregasi poenika amatah imamipoen sawatawis soepados makarja wonten Papoea Kidoel. Paneda poenika boten saged toemoenten dipoenleksabani. Kala samanten ing tanah ngriki imam saking golongan H. Hart saweg wonten kalih, inggih poenika dr. Nijens kalijan Pastoer Geurtjens.

Tanggal 14 Agoestoes 1905, wiwit Missionaris tiga ngambah ing daratan Merauke. Kala taoen kapengker, dinten 14 Agoestoes dipoenpèngeti déning golongan Katoel Kaja-Kaja (-25 taenan).

Pastoer Verhoeven ngandikakaken kados-poendi rekaosipoen babad wonten tanah Papoea. Katjarjosaken oegi kados poenapa kasangsaraning sariranipoen rikala andjadjah Papoea ingkang tengah kalijan dr. Docters van Leeuwen, ngantos salebetipoen sawatawis minggu kekirangan dahar manggèn wonten ing rawa-rawa.

Sosorah ing nginggil mawi dipoenjenengi resident, burgemeester saha boepati ing Bogor. (Koerier).

Pandita Anglicaansch martobat.

Sawatawis woelan kapengker, t. M. Benjamin Beeteridge, zending Anglicaansch ing Chittagong Indija Inggris, martobat dados Katoel sagarwanipoen.

Pandita poenika wae, taksih trah Thomas Morus, prijagoeng misoewoer.

Martobatipoen pandita poenika dados rarasanan wonten ing Britsch Indië, langkoeng-langkoeng déné margi martobatipoen ladjeng kètjalon pangkat boten alit. Toedjoenipoen déné universiteit Katoel ing Peking ladjeng badé nganggèkaken kawroehipoen t. Betteridge.

M. B. Beeteridge poenika wedalan pamaoelangan loehoer ing Oxford, sarta moempoi dateng kawroeh basa Inggris toewin kasoesastran. Déné garwanipoen moempoi prakawis kadokteran.

Aksi Katoel.

Ing Amèrikah Sarikat.

Catholic Church Extension Society (Pakempalan kanggé andjembaraken Pasamoean Katoel) ing Amèrikah Sarikat, nembé poenika amèngeti anggènipoen sampoen oemoer 25 taoen.

Poenapa sedyanipoen pakempalan poenika??

Pakempalan poenika angdjangaken pakarjan missie ing salebetipoen nagari Amèrikah. Langkoeng-langkoeng makarja wonten ing kalanganipoen tetjangan éwon ingkang saben taoen dateng wonten Amè-

Djaman madjeng! inggih andajani dateng djagad moeda. Nanging, . . . kamadjangan ing djagad moeda wae boten kirang ingkang anoentoen dateng kanistan.

Tempo doeloe! Laré sami kaerèh ing tjang sepoe. Nanging ing djaman modern poenika, kerep kosokwangsoel baledjed: tjang sepoe kawasésa ing anak.

Ing djaman merdika poenika, nénéman katah ingkang aggdahi panganggep: wong toewa koewi moeng makéwoehi. Katah ingkang roemaos: daplokané koewi kanggoné akoe para nonoman gawan kang ngebot-ebot!

. . . . O, Vrijheid! Warni-warni lampahipoen anggènipoen soemedyandjiret para moeda mawi djala soetra.

Het nieuws vanden Dag nembé poenika ngewrat karangan ingkang angetoeni lekasipoen para nénéman anggènipoen njingkoer tjang sepoe, anganggep tjang sepoe poenika barang ingkang makéwedi. Andjalari badanipoen boten saged toemindak anbalasar sakadjeng-kadjeng.

Moerid-moerid H. B. S. pangkat nginggil badé ropan-ropan. Ing salebetipista wae, ingkang tjalon andatengi moerid-moerid djaler lan èstri; sinjo-sinjo kalijan nonah-nonah.

Ingkang mandégani pista, njebar oelem. Kartjjs oelem wae wonten ingkang dawah tanganing tjang sepoehipoen moerid èstri. Bapa wae soemerep kartjjs oelem wedalan H. B. S. poenika, sakalangkoeng goemoen. Limrahipoen manawi kartjjs-kartjjs limrah poenika ing ngandap wonten seratipoen p. f., p. r.; p. c.; Nanging, serat oelem wedalan H. B. S. wae podjok ngandap wonten seratanipoen G. B.

Aksara sandi poenika ladjeng kaktèkaken anakipoen. Poen noni, ingkang roemaos sampoen dados een jonge dame déning sampoen wonten H. B. S. pangkat nginggil, roemaos katjipoehan. Dangoe anggènipoen mangsoeli. Sareng dipoen-teter-teter ladjeng tjrijos bilih G. B. ateges Geen Bagage.

Dipoenwangsoeli makaten poenika, poen bapa dèrèng trimah. Pitakènipoen saja ngangseg: „Apa tegesé bagage? Apa kowé arep teka njang pista kono karo nggawa bagage, oetawa gawan? Rak ora ta? Ajo, blaka, apa karepé bagage?“ Poen anak walèh: „Anoe pak! Geen Bagage, koewi karepé: tekamoe adja karo wong toewamoe. Dadi idjèn baé.“ Makaten sandjanganipoen Het Nieuws.

Hem. Geen Bagage! Dèwé emplé!! Lah poenika djala soetranipoen vrijheid. Poenika kala djeplakipoen vrije omgang.

Perloenipoen poenapa kok „geen bagage?“ „Saben tjang mesti mangertos. Inggih poenika: saged toemindak sakadjengipoen. Sageda: saénaké dèwé. Noetog anggoné soeka-soeka.“

Dados, toemrap moderne Jeugd, tjang sepoe poenika kaanggep bagage. Katetepaken: gawan sing ngebot-eboti oetawi makéwoehi. O, vrijheid! O, vrije omgang! O, moderne jeugd! O, kaeom moeda modèl baroe! Apa memend??

Makaten poenika, kamadjangan???? Kamadjanganipoen moderne jeugd!

Vrije omgang, pasrawoengan merdika, poenika pantjèn andrawasi. Sinten ingkang boten djedjeg imanipoen, badé katjemploeng wonten ing djoerang kanistan. Sinten ingkang kalimpoet wonten salebetipoen vrije omgang, badé katiwasan ndjawi nglebetipoen.

Pantjèn katah pangadjeng-adjeng koela prakawis warni-warni ingkang toewoeh saking kanémamanipoen para moeda ingkang andjog dateng kasaénan. Nanging kita para sepoe, kedah angreksa, sampoen ngantos kanémamanipoen para moeda toewin kenja sami katoewoehan kempladéjan ingkang ngrerisakaken.

Para anèm, pantjèn soegih modèl. Soegih ada. Soegih activiteit. Taksih sarwa mepeng poenapa-poenapanipoen. Nanging, pait

Nénéman gagrag énggal.

- 0 -

getiring ngagesang, taksih kawon djadjah tinimbang kita para sepoe. Kita para wredra, sanadjan kawona pinter, taksih menang koepija. Menang djembar tebanipoen. Menang wijar polatanipoen, tinimbang para bambang.

Modèl, ada, activiteitipoen para anèm, kedah kita oepakara. Kedah kita bombong ingkang ngantos saged megar, andjog ing kaoetamèn. Grija ingkang oetami kanggé ngreksa activiteitipoen para anèm wae, i. p. jeugdorganisatie. Mila, ing poendi panggenan ingkang dèrèng wonten pakempalanipoen para anèm, soepados dipoenwontenana. Poendi ingkang dèrèng wonten Moeda Katoel, pamrajogi koela, toemoentena kawontenaken.

Moeda Indonesiërs. Langkoeng-langkoeng pemoeda Kathoel. Weling koela wantos-wantos: ing salebetipoen sami ngambah wonten djagad anèm, kedah ingkang prajitna. Loepoet sapisan, sangsara sateroesè! Langkoeng-langkoeng prakawis djaloe-wanita, poenika kedah ngatosatos sanget. Sampoen goemloewèh! Samia anggèngni watak Katoel. Samia angetrepi kasoelilan Katoel. Ingkang makaten wae, toemrap para moeda Indonesiërs, koela wastani boten angèn anggènipoen nindakaken. Djer, saopami pandjenengan déda Katoel, kasoelilan Djawi, lan Indonesiërs, inggih samangentjeng prakawis pasrawoenganipoen djaloe wanita, djaka kalijan prawan. Saja sapoenika kaimbetan wawarah Katoel ingkang oegi kentjeng prakawis poenika. Kasoesilan Djawi, dipoenimbeti kasoelilan Katoel, poenika dajanian langkoeng pengkoeh. Poenika ingkang sami ginandoelan ing salaminipoen gesang

Patjangan! Poenika rembag adakan pijambak toemrap para anèm, Toemrap prakawis poenika, koela ngèngetaken: sampoen goemampil mendet wanita sadja wining kalangan kita. Oetawi, sampoen goemampil nampèni panglamaripoen djadjaka déda Katoel. Enget: kedah ngongak kalanganipoen pijambak roemijin, Manawi pantjèn boten wonten ingkang dados panoedjoening manah, saweg kémawon milang-miling wonten sadjawining pager. Dados, kedah ngaosi, ngregèni, nresnani, golonganipoen pijambak roemijin. Semanten oegi manawi katjendoekaken kalajan jajananipoen golongan oetawi bangsa pijambak. Kedah langkoeng seneng toetoembas dateng waroenging bangsanipoen pijambak, tinimbang waroenging bangsa sanès. Kedah langkoeng seneng dateng koranipoen pijambak, tinimbang koranipoen sanès. Kedah langkoeng seneng ndandaskan wonten Gredjanipoen pijambak, tinimbang Gredjanipoen sanès. Makaten sateroesipoen

Wangsoel dateng patjangan malih! Wantos-wantos weling koela: adja gawé koesoeté djeneng Katoel. Sampoen sami nilar tjang sepoe. Sampoen anggep bilih rama iboe poenika „bagage“. Destoen samia ngantepi: bapa bijoeng koewi panoentoening oeripkoeh; dadi obor ana ing dalan kanoman kang kebak lalamoeking blinde liefde.

Ingkang waspada! Sampoen ngantos oeger ingkang sipat modern dipoenadjengi. Awit, mindak dipoenanggep mesin. Pandjenengan rak déda mesin, ta? Tiroe-tiroe ingkang tanpa kamanah, poenika saèstoe andrawasi!

Poenika sawenèhing resèpipoen Patjar Mèrah dateng para anèm Katoel. Inggih Patjar Mèrah ingkang roemijin naté dados bambang Patjar Mèrah.

Ah, mèsem, koela! Kéngetan doek djaman semana, doek djaman narajana! sinten toemoet mèsem???

Kumuningsaselé 25 Djanowari '31.
Taklim:
PATJAR MÉRAH.

Katragan. Saoedara E. K. P. Kedamean Sb., tanggal sabda pandjenengan ing Sw. Tm. no. 5 sampoen koela waos. Nanging koela kepekta boten saged anglanggati, déning wawasan Ontjèn Sw. T. no. 3 poenika déda wawasan koela. Poenika wawasanipoen prijantoen-prijantoen ingkang koela soewoeni pirsan.

Habis perkaral!
Patjar Mèrah.

CORRESPONDENTIE.

— Karangan-karangan ingkang sampoen loemebet saking: A. D. S.; Ketjil; S. ing P.; Nembé katon: F. S. Wybowo, Si Lan. Matoer noewoen!
— A. D. S., karangan pandjenengan ing bakoe saé, nanging jèn kapatjak, saking pamawas kita, badé boten toemama, margi seling serep sekedik. Sampoen ndadosaken penggalih.

Red.

Toekang herlodji dan Toekang emas.
 Adres jang moerah
DJOKJA BANDOENG
 Telf. 252 Telf. 226
 boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.
 Pembatja
SWARA TAMA,
 dengan bawa lembaran Swara Tama
 dapat POTONGAN.

Kanggé nganggé diawi... en ngoesarakén kémawon, teroes kénging kaanggé.
Dipoenwadahi blèg netto 10 5 2 1/2 1 1/2 KILO
 sa - blèg 10,50 5,50 3 1,30 0,75 roepijah
 Ijzermenie mawi ijzeroxyde 80 doemoegi 90%, kantoen ngoesarakén kémawon, teroes kénging kaanggé.
Dipoenwadahi blèg netto 10 5 2 1/2 1 1/2 KILO
 sa - blèg 7.- 3,75 2,15 0,95 0,55 roepijah
 Loodmenie toelèn, regi oegi sami samanten.
 " " garing woedjoed boeboekan
 dipoenwadahi tong à 50 Kilo, sa-tong F 28,50.

Verffabriek R. B. FRIELING
 HOEKHUIS GONDHOMANAN SAJIDAN — DJOKJA.

Recept
APOTHEKEN
Rathkamp
 & Co
 MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

AGENT
 BOEAT SELOEROEH DJOKJAKARTA.

Speda - speda merk :
 SIMPLEX Cycloide, S. koening, S. poetih dan SIMPLEX TRANSFER.
 HIMA : Wassenaer, Rondrit, Oranje dan Woestduin.
 TOURIST : AA dan A.
 Ada sedia djoega speda merk :
 RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE — BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONING.
 Apalagi sedia djoega speda jang sedikit harganja, moelaif f 55.—, f 65.—, f 75.— dengan perkakasnja : klinting, pompa, lentera, dan tasch berisi perkakas koentji dan tempat minjak.
 Baroe terima per S. S. SLAMET dan JOH. DE WITT speda merk: ROVER Iperial, Continental, The Rover dan Metallicus.
 Ada sedia djoega : Djas hoedjan, Kopper, Lentera Stormking, Almari besi dan tjat wenter.
PENDJOEALAN A CONTANT ATAU BOLEH DI ANGSOER.
 Kalau maeo minta keterangan, akan dikirimi keterangan dengan pertjoema.
 Mengharap pesenan :
Rijwielhandel, Reparatie - inrichting dan Smederij: WIRJOSOESANA
 LODJI KETJIL 16 DJOKJAKARTA TELF. No. 13.

Toko DJOEN & Co., Djocja.
 PATJINAN MOEKA TOKO FUJI — TELF: No. 374.
 Adres jang paling moerah dan paling baik boewat pembikinannya.
ROTIE-ROTIE, KOEWEE-KOEWEE dan BESCHUIT-BESCHUIT KERING.
SROETOE-SROETOE dan ROKOK-ROKOK, jang haloes dan kasar.
 Djoega slamanja djangan loepa minoem kita poenja KOFFIE BOEBOOK, jang speciaal die giling dengan machine Electrics, bisa giling aloes dan kasar, menoeroet pembelie poenja perminta'an die tanggoeng sampee menjenengken, harga per pond f 0.90.
 Bolih datang saksiken!
 Memoedjiken dengan hormat
Toko DJOEN & Co.

TOKO BARANG - BARANG
H. SPIEGEL — Djokja.
 ADRES JANG PALING BAIK, boeat:
 Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.
 Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;
 Kereta dan korsi boeat anak - anak;
 Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan — permainan boeat anak - anak ketjil. —
SEMUEA BARANG PALING DJEMPOL, DAN MOERAH SEKALI!

rikah perloe tetroeka, djer tetijang poenika, margi kekiranngan imam ladjeng boten kandel raos toewin pangandelipoen dateng agami Katolik.

Ing salebetipoen salawé taoen waoe, katah anggènipoen sampoen angedalaken woh. Margi lalabetanipoen, ing salebetipoen nagari 43 saja mindak-mindak tjatjahipoen Grédja. Salebetipoen salawé taoen, goenggoeng kempalipoen saged jasa Grédja 3500. Kala taoen 1905, bandanipoen pakempalan ingkang awoedjoed arta wonten 1934 dollar, taoen 1920 sampoen dados 775.750 dollar.

Pakempalan ing nginggil amitoeloengi adegipoen grija sakolahan 105, lan dalem pastoran 57, poenapadéné mitoeloengi adegipoen Grédja ing Alaska, Pilipinab, Portorico, toewin Canada.

Saben taenipoen saged mitoeloengi arta dateng pastoe 100, saban pastoe satoenggal tampi pitoeloengan 300 dollar.

Pakempalan poenika anjoedijani montor pinten-pinten ingkang ing nglebet kaèsta kapèl, perloenipoen sageda kanggé toetoloeng prakawis kasoezman dateng wandawa Katolik ingkang tebih-tebih.

Kadjawi poenika inggih mitoeloengi dateng para anèm ingkang nedyadaos imam, nanging katjoeptan waragad.

Pakempalan poenika gadah pérangan ingkang warganipoen laré, sarta sami njamboet damel sasarengan kalijan para wanita toewin laré-laré èstri warganipoen pakempalan H. Martha, perloe ngoepados arta soepados kaskajaning pakempalan saged saja katah.

Orgaanipoen pakempalan kaseboet nginggil, medalipoen pendak woelan, katahipoen 350.000 exemplaar.

Moeda Katolik Tionghoa.
 Kalijan pranatan onderwijs.
 Regeering Tiongkok angawisi woelangan agami wonten sakolahan. Prakawis poenika andjalari protestipoen pakempalanipoen para moeda Katolik bangsa Tionghoa ingkang sami sakolah wonten sadjawining nagari. Protest waoe makaten:

„Para nénéman djalar lan èstri, maha siswa Katolik bangsa Tionghoa katahipoen 284.793 ingkang sami sakolah wonten mantja nagari, boten narimahaken tandoekipoen regeering toemrap onderwijs.

„Awisan pasinaon agami wonten sakolahan, poenika njoelajani sanget kalijan wewenang kodrat (natuurrecht), Constitutie Tiongkok, poenapadéné njoelajani pamangghipoen dr. Suen Wen toewin kamardikanipoen kawoela republik Tiongkok.
 „Paneda kita, agami poenika kénginga kawoelangaken kanti mardika wonten pamoeangan kita; kénginga wonten sakolahan kita anga-

osi Allah ingkang kita tresnani sarana saréngat-saréngating agami.
 „Boten wonten pangawasaning manoengsa ingkang gadah wewenang angawisi kita anglampahi poenapa

ingkang dados anteping manah kita. Kita sami neda sadaja wewenang kita anggèn kita dados kawoela Tiongkok. (De Katholieke Chinesez Jeugd).

KABAR OEMOEM
 INDONESIA.

Kanggé kasangsaran Merapi.
 Ingkang sampoen f 28,61
 Meisjes Volkschool
 Ambarawa „ 2,70
 M. Didima „ 5,—
 Abn. 274 „ 1,17⁵
 goenggoeng f 37,48⁵
 Mangga sinten malih?

Kolonisatie.
 Mitoeroet paniti-priksanipoen p. t. Dr. E. J. Burger saha mr. C. C. J. Maassen adj. Insp. agrarische Zaken saha secr. Centraal kolonisatie-Comité, ing satjelaking Gedong Tataan ing Lampong teksih wonten ± 2000 baoe kénging dipoen-gaga, sarta bédjingingipoen kénging oegi dipoendadosaken sabin manawi sampoen angsal toja. Pasitèn samanten poenika, kénging kanggé soedijan tjang ing redi Merapi ingkang poeroet tetroeka dateng Lampong.
 Kinten koela tjang ing Redi Merapi badé katah ingkang boten poeroen dateng Lampong! Poenapa boten perloe poenika kasoe-dijakaken dateng tjang wangsoelan saking Deli?

Postspaarbank.
 Doemoegi Nov. 1930 tjatjahing boekoe tjélèngan gadahanipoen bangsa Europa 88.444. bangsa priboemi 241.294. bangsa Vreemde Oosterlingen 25.313. goenggoeng 355.051. Katahing arta tjélènganipoen bangsa Europ. f 13.204.182.465. tjang Priboemi f 7.799.555.765. gadahanipoen bangsa Vreemde Oosterlingen f 1.517.102.69. Goenggoeng f 22.519.807.92.
 Tjélènganipoen tjang Priboemi manawi karatajak tjang satoenggal sampoen mèh 2 sèn. Bangsa ingkang dèrèng ngertos dateng gemi, economienipoen tamtoe boten saged sae.

MANTJA NAGARI.

ZWITSERLAND. Salebetipoen woelan kapengker, (16 Djanoewari) ing Geneve wonten panangghihanipoen minister-minister Buitenlandische Zaken 22 saking nagari poendi-poendi perloe ngrembak ngawontenaken Pan Europa, inggih Vereenigde Staten van Europa.

R. N. Graaf Coudenhove, sardjana misoewoer ingkang margi gagajoehanipoen toemrap prakawis Pan Europa, mentas poenika dateng wonten Den Haag kalijan sémahipoen, njonjah: Ida Roland, perloe sesorah wonten poendi-poendi babagan Europeesche Statenbond.

Onderwijs.
 Mitoeroet pakabaran, ing be-grooting t. 1931, soedija f 55.000 kanggé ngadegaken Literaire faculteit kasowak. Kanggé t. 1932 poenika babagan onderwijs sasaged-saged badé kairid ngantos f 2.000.000.
 Manawi pantjen te kort ngirid wragad poenika sampoen samesatinipoen . . . waton sampoen ngantos anggepok ingkang perloe!

Blandjanipoen para ambtenaar.
 Nagari soeka soemerep wonten ing Alg. beschouwing ing Afdeling-verslag kirang langkoeng kados ing ngandap poenika:
 Ing sarèhning Crisis sapoenika poenika dèrèng kantenan kados poendi saladjeningipoen, pramila saged oegi manawi blandjanipoen para ambtenaar badé kénging iridan namoeng toemrap sawatawis mangsa.
 La dalah . . . apa petèkkoe! soewé-soewé ngrogoh kantong!

Immigratie.
 Immigratie-kantor ing Soerabaja ing t. 1930 poenika ing Oost-Java wonten tjang 6000 ingkang saking ngamantja (immigranten).
 Wah poenika saweg Soerabaja. Lah Betawi—Semarang pinten??
 Elo djaman malaise kok katah tjang ngamantja ingkang dateng: poenapa saged angsal pandamelan??
 Oengel-oengelan pranatan: van wie niet blijkt, dat zij in het onderhoud van zich zelf en hun gezin behoorlijk kunnen voorzien enz. poenika ing praktik kados-poendi?

Alcohol.
 Ing t. 1930 poenika bangsa minoeman ingkang mlebet ing tanah Djawi ± wonten 10,5 miljoen liter, reregèng kinten-kinten pengaos. f 8.659.681.
 Wah prasasat nèk diwadahi dadi sak zwembasin!
 Alcohol djampi anget, tjandoe djampi sajah sami dèné djampi saged mbebjani toemrapping bangsa!

Pamangghipoen sardjana poenika: sinten ingkang melèk mripatipoen, mangertos galagat badé wontenipoen perang donja malih. Jèn makaten Europa ladjeng petjah dados kalih ingkang toewoeh margi djandji-djandjian pijambakan, margi sekaitan, lss, sarta satoenggal-satoenggalipoen ladjeng toetoehtoehtean. Volkenbond sampoen mesti kedah ladjeng ngéloni salah satoenggal. Boten kalampahan saged neutral. Semanten oegi nagari-nagari ingkang badé angentjengi angènipoen ora mèloe-mèloe mesti inggih kapeksa boten saged neutral.

Ihtijar kanggé njinghiri wontenipoen perang donja ingkang sampoen tjelak poenika, boten wonten sanès kadjawi namoeng sarana manoeng-gilipoen pradja-pradja ing Europa.

Dados perloe ngawontenaken Pan Europa. Sardjana waoe amastani gagasan Pan Europa poenika sami kalijan balapanipoen perang kalijan tentrem.

Tjjang kedah amboedidaja soepados tanah Éropah poenika sageda dados peken satoenggal ingkang ageng, saged anjekapi kabetahanipoen pijambak. Prakawis poenika, Éropah kedah némbak Amérikah, awit ing ngrika saminipoen gadah peken pijambak ingkang saged njampeti kabetahanipoen tjang 300 miljoen.

Poenapa Inggris inggih angadjengi dateng Pan Europa, sardjana waoe boten mangertos. Nanging, sadjakipoen manawi Inggris kados inggih boten roemaos perloenipoen Pan Europa poenika.
 Makaten pamangghipoen graaf Coudenhove.

Volkenbondsraad anetepaken wontening Ontwapeningsconferentie, bédjning tanggal 2 Februari 1932. Déné sinten ingkang kapatah dados pangarsa, poenika kapasrahaken dateng Volkenbondsraad bédjning Mei. Wonten pawartos saking nagari Walandi, kanggé pangarsa ing Ontwapeningsconferentie waoe bokmanawi kémawon minister van Karnebeek.

Kadjawi poenika Volkenbond, oegi nampi palapoeranipoen koemisi ingkang tinanggenah niti priksa bab njerèt ing tanah Wétan.

Palapoeran poenika njarijosaken, nitik koepijanipoen warga koemisi wonten Filipina, manawi dipoen-wonteni awisan babar pisan boten kénging njerèt poenika boten badé angsal damel. Wangsoel manawi tjang njerèt poenika mawi ginan-toengan pranatan, kanti kinanténan amarengi sanget dateng sadéjan tjandoe peteng poenapadéné matesi pandamelipoen tjandoe, . . . poenika satoenggiling tjara panjegah ingkang katah sagedipoen mikantoeiki.
 Koemisi poenika mrajogèkaken sanget, soepados ing poendi-poendi ngawontenana pranatan lisènsi toemrap tjang njerèt.
 Koemisi neda soepados wonten awisan kentjeng, boten ngénginga-ken tjang njerèt ingkang dèrèng ngoemoer 21 taoen. Dados boten 18 taoen kados pranatan ing Indonesia.

Palapoeranipoen koemisi poenika, tjalon karembag malih wonten koemisi apjoen kanggé tanah-tanah Wétan bédjning woelan November, tjalon manggèng ing Bangkok.
 Sasakit satoenggal poenika, prajogi dipoenbèngkas ingkang saèstoe!

HINDOE. Sampoen tètela, nagari-nagari ingkang gadah djadjahan nedyadaos njamboet damel sasarengan. Poenika katitik saking sosorahipoen G. G. Indija Nederland kala martamoe dateng kadatonipoen G. G.

Indo China. Kadjawi poenika oegi saged kasoemerepan saking tilgram saking Paris kala 31 Djanoewari, anjarjosaken ing ngrika wonten koemisi Fransch-Nederland ingkang tinanggenah matitsaken rembag-rembag prakawis djadjahan. Malah oegi karembag nedyadaos sasambetan kalijan Belgi, Inggris. . . .

Toemboeking lalampahan! Kala 26 Djanoewari, panentoen-panentoen kabangsan, ingkang sami kinnoendjara sami dipoenloewari. Dados, sang Mahatma Gandhi, Vellabhai Patel, Sengupta, njonjah Niddu, lan Jawaharlal Nehru, . . . sampoen kawadalaken saking pakoendjaran.

Poenika amnestiel (pangapoenten dateng dedosan-politiek)

Poenika dajaning Konprènsi Médja Boender . . . Nanging sanadjan makatena boten ateges poenapapoenapa poetoesan-poetoesan ing Ronde Tafel Conferentie ingkang nembé rampoeng, dipoenadjengi kaeom kabangsan Indoe. Mahatma Gandhi samedalipoen malah anjarjosaken aksi ambaèkot barang man-tja taksih kedah kalestantoenaken.

Ladjeng ing Indonesia. Wonten lalampahan: tjang boetjalan Digoel ingkang pantjen boten lepat, kawangsoelaken. Poenika dèdé amnestie, dèdé pangapoera, wangsoel teroesaning tindak angakeni lepat, oet. klèntoe.

Dados tètela Nederlandsch Indie, dèrèng sa-Britsch-Indie, pergerakan Indonesia dèrèng sa-Hindoe.

SEPANJOL. Sampoen salebetipoen sawatawis woelan, wasana politik ing salebetipoen nagari Sepanjol tansah peteng. Katah prakawis-prakawis ingkang moeroegaken kosèking nagari, kadosdéné wontening pogokan lss.

Salebetipoen kalih minggoe kapengker, ing témboking kadatonipoen sang nata Sepanjol, praboe Alfonso, dipoenoesar-oesari tjèt abrit, amoedjoedaken gambar tjorèk pipindanipoen sang nata.

Nagari angebang arta katah dateng tjang ingkang saged soeka katrang-an-katrang sinten ingkang gadah pokal makaten poenika.

Katah tjang ingkang nginten, bilih makaten poenika saking pandamelipoen para student ingkang sami mogok. Pogokanipoen para student lestantoen kémawon. Malah, kala djoemoewah, ing pamoeangan inggil Madrid wonten taroengan, ngantos angedalaken rah. Para student poenika, sami neda soepados kantja-kantja student toewin goeroegoeroenipoen ingkang sami kakoendjara, dipoenloewarana.

Sinten ingkang mangertos babad, inggih mangertos bilih tanah Sepanjol poenika tanah Katolik. Amila, hantjoeripoen pradja ngrikoe poenika, kénging oegi katemboengaken ambleretipoen katholieke actie ing tanah Sepanjol.